



## **Avi pou Reyinyon Sesyon Kontribisyon Piblik Mwa Fevriye**

### **LOKAL AK LÈ:**

**Madi 11 fevriye 2025, 5:00 pm – 8:00 pm**  
Katyè Jeneral Depatman Ponpye Vil New York  
9 Metrotech (antre pa lakou ki bay sou Flatbush Avenue)  
Brooklyn, NY 11201

**Lendi 24 fevriye 2025, 5:00 pm – 8:00 pm**  
Depatman Konsepsyon ak Konstriksyon Vil New York  
Sal Polivalan nan 1ye etaj  
30-30 Thomson Avenue (antre ki bay sou 30th Place)  
Queens, NY 11101

**LOKAL VITYÈL:** Gade lyen pou reyinyon Zoom ki afiche nan [www.nyc.gov/charter](http://www.nyc.gov/charter).

### **AVI POU SESYON KONTRIBISYON PIBLIK**

Komisyon Revizyon Konstitisyon Vil New York la (“CRC”) ap òganize Sesyon Kontribisyon Piblik nan tout senk awondisman yo pou diskite chanjman ki pwopoze nan Konstitisyon Vil New York la. CRC gen otorite pou li konsidere revizyon nan Konstitisyon an pou prezantasyon yo bay elektè yo nan eleksyon jeneral 4 novanm 2025 la, oswa nan yon lòt dat eleksyon ki chwazi dapre lalwa.

### **Ki Objektif Sesyon Kontribisyon Piblik sa a?**

Se Konstitisyon an ki bay estrikti gouvènman Vil la epi li etabli pouvwa prensipal fonksyonè eli ak ajans Vil la yo. Apre yon revizyon nan tout Konstitisyon an, CRC kapab rekòmande chanjman ki pral pèmèt gouvènman Vil la travay ak plis efikasite epi sèvi tout Nouyòkè pi byen.

Envitasyon an se pou piblik la vin tandè ekspè, temwaye sou nenpòt pwen ki enpòtan pou gouvènman Vil la, epi sijere chanjman nan Konstitisyon an. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Komisyon Revizyon Konstitisyon Vil New York la, vizite nou sou sitwèb nou an: [www.nyc.gov/charter](http://www.nyc.gov/charter).

### **Kiyès ki ka pote yon kontribisyon?**

**Reyinyon sa yo ouvri a piblik la, epi piblik la ap gen opòtinite pou temwaye devan manm CRC.** Tout moun nan piblik la gen jiska twa (3) minit pou temwaye sou lide yo genyen pou amelyore Konstitisyon Vil la. CRC a ap tande temwayaj moun ki patisipe nan reyinyon an an pèsòn ak moun ki patisipe sou Zoom. CRC ap pran temwayaj nan men moun ki prezante an pèsòn yo anvan tande temwayaj sa ki ap asiste sou Zoom yo. Yon gwoup, òganizasyon oswa enstitisyon ki vle temwaye ta dwe dezinye yon sèl reprezantan pou pale pou yo. Nouyòkè ki soti nan nenpòt nan senk awondisman yo kapab temwaye. CRC ap fè tout posib li pou pèmèt tout moun ki enskri pou yo pale nan odyans sa a pale, men si pa gen ase tan pou tande tout temwayaj yo, yo ankouraje piblik la pou yo itilize lòt opòtinite pou temwaye tankou temwaye nan yon lòt sesyon piblik CRC oswa soumèt temwayaj alekri nan [CharterTestimony@citycharter.nyc.gov](mailto:CharterTestimony@citycharter.nyc.gov).

**Kòman pou m soumèt temwayaj mwen alekri?**

Piblik la ka soumèt temwayaj alekri nan [CharterTestimony@citycharter.nyc.gov](mailto:CharterTestimony@citycharter.nyc.gov) olye de yon temwayaj an dirèk nan yon odyans oswa anplis de sa.

**Kilè epi ki kote odyans yo ap fèt?**

Pòt yo louvri pou piblik la, epi tout Sesyon Kontribisyon yo ap aksesib sou lyen Zoom k ap afiche sou [www.nyc.gov/charter](http://www.nyc.gov/charter), nan dat, lè, ak lokal sa yo:

Doors open to the public, and each Input Session may be accessed virtually via the Zoom link posted to [www.nyc.gov/charter](http://www.nyc.gov/charter), at the following dates, times, and locations:

**Madi 11 fevriye 2025, 5:00 pm – 8:00 pm**

Katyè Jeneral Depatman Ponpye Vil New York  
9 Metrotech (antre pa lakou ki bay sou Flatbush Avenue)  
Brooklyn, NY 11201

**Lendi 24 fevriye 2025, 5:00 pm – 8:00 pm**

Depatman Konsepsyon ak Konstriksyon Vil New York  
Sal Polivalan nan 1ye etaj  
30-30 Thomson Avenue (antre ki bay sou 30th Place)  
Queens, NY 11101

Piblik la ka patisipe nan reyinyon an sou lyen Zoom k ap afiche sou [www.nyc.gov/charter](http://www.nyc.gov/charter) nan menm lè a.

**Kisa pou mwen fè si mwen bezwen èd pou m obsève oswa temwaye nan reyinyon an?**

Entèpretasyon nan lang siy ameriken ak panyòl sou entènèt la ak sou plas deja asire. Tanpri fè demann entèpretasyon lang ak/oswa lòt demann pou aksè pou pita 48 èdtan anvan kòmansman reyinyon ou prevwa patisipe ladan la, voye yon imèl nan [CharterInfo@citycharter.nyc.gov](mailto:CharterInfo@citycharter.nyc.gov) oswa rele 212-788-0014 epi kite yon mesaj vokal. N ap fè tout sa ki posib pou akomode tout demann yo.